

Tema: 1	Kompetensi Dasar: 3.1	Nilai
Njaga Lestarine Alam	Mengenal, memahami, dan megidentifikasi teks informasi yang diperoleh dari berbagai media berbahasa daerah secara lisan/tertulis.	

Teks informasi ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 1 nganti nomer 4!



Ing dhuwur tuladhane *fauna* utawa satwa kang kalebu diayomi utawa *dilindungi* dening pamarentah. Kewan – kewan kasebut diayomi supaya ora cures utawa *punah*, awit cacahé mung kari sethithik lan kalebu langka. Tuladha kewan – kewan kasebut yaiku: Komodo, orang utan, gajah, lan macan Sumatra. Isih akeh jinise kewan satwa kang diayomi kayata: manuk elang Jawa, jalak Bali, cenderawasi, kasuari, trenggiling, tapir, lutung Jawa, bekantan, anoa, lan sapanunggalane.

Akeh pemburu lan kolektor nangkap kewan – kewan kasebut kanggo dijupuk asile apadene diingu kanggo koleksi. Mulane kita kudu bisa nglestarekake supaya kewan – kewan kasebut bisa urip ngrembaka ing *habitate*. Kewan – kewan kasebut diayomi supaya ora punah lan anak putu kita mbesuke bisa maruhi maneka warna satwa kang kalebu langka kasebut.

Kapetik saka: Wasis basa kelas 6 kaca 2-3

Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, C, utawa D sing ana ing ngarepe wangsulan sing paling bener!

1. Irah – irahan kang trep kanggo wacan ing dhuwur yaiku....
 - A. Kebon Binatang.
 - B. Para Pemburu.
 - C. Fauna Kang Dilindungi
 - D. Satwa Punah.
2. Manut teks informasi ing dhuwur, fauna utawa satwa kang kalebu diayomi yaiku....
 - A. Komodo, orang utan, empit, gajah.
 - B. Orang utan, gajah, pitik, komodo
 - C. Komodo, orang utan, gajah, macan Sumatra.
 - D. Komodo, orang utan, gajah, semut.
3. Satwa langka kasebut ditangkep marang pemburu lan kolektor kanggo...
 - A. Diawetake.
 - B. Dilebokno kebon binatang.
 - C. Didol daginge
 - D. Diingu kanggo koleksi.
4. Pranyatan ing ngisor iki sing sesuai karo teks informasi ing dhuwur yaiku
 - A. Komodo, orang utan, gajah, macan Sumatra kalebu *fauna* utawa satwa kang diayomi utawa *dilindungi* dening pamentah.
 - B. Akeh pemburu lan kolektor nangkap kewan – kewan kasebut kanggo dilebokno kebon binatang.
 - C. Sing kalebu satwa kang dilindungi yaiku jalak, beruang, kanguru.
 - D. Kita kudu mbasmi *fauna* utawa satwa kang dilindungi supaya cures utawa punah.
5. Teks awujud laporan ngenani sawijine kahanan utawa kedadean (peristiwa) kang lagi wae dumadi diarani teks....
 - A. Informasi
 - B. Deskripsi
 - C. Argumentasi
 - D. Narasi.

6. Gatekna ukara ing ngisor iki!

- (1) Kedadean kang diandharake awujud fakta.
- (2) Gagasan pokok diandharake kanthi cara nggambarake objek.
- (3) Kedadean kang diandharake asipat aktual.
- (4) Ngandarake bagean – bagean kanthi rinci.

Pranyatan ing dhuwur sing kalebu titikane (ciri – ciri) teks informasi yaiku nomer....

- A. (1) lan (4)
- B. (1) lan (3)
- C. (2) lan (3)
- D. (3) lan (4)

7. Saben wayah sore bapak mirsani pawarta ing TV. Pawarta sore iki yaiku bajir bandang ing kutha Malang. Bapak ora tega ndeleng korban banjir, akeh korban banjir sing kelangan rajabrana amarga banjir bandang.

Manut sumbere teks ing duwhur kalebu wujud informasi....

- A. Tulis.
- B. Radio.
- C. Lisan.
- D. Elektronik.

8.



Miturut jinis teks informasi, gambar ing dhuwur kalebu titikane teks informasi...

- A. Teks pawarta.
- B. Teks sesanti/slogan
- C. Teks persuasi.
- D. Teks pariwara/iklan

9. Irah – irahan utawa judhul sawijine teks informasi utawa brita diarani....

- A. Paragraf.
- B. Headline.
- C. Topik.
- D. Opini.

10. Minangka tandha manawa informasi kasebut kalebu jinis informasi panemu, yaiku ing parangan irah – irahan (judul) ditulis asmane narasumber, diterusake tandha...
- A. Koma (,)
 - B. Titik loro (:)
 - C. Pitakon (?)
 - D. Titik (.)
11. Jinis informasi kang dirembakake kanthi luwih jangkep saka informasi kang wis ana diarani....
- A. Informasi jangkep.
 - B. Informasi langsung.
 - C. Informasi panemu.
 - D. Informasi andharan.
12. Wondene baris tanggal utawa wektu teks informasi kasebut dimot (dimuat) ing sawijine pawarta diarani....
- A. *Headline*
 - B. *Opini*
 - C. *lead*
 - D. *Dateline*
13. Unsur pambangun informasi kang nuduhake papan dumadine sawijine kedadean yaiku....
- A. Apa.
 - B. Sapa.
 - C. Ing ngendi
 - D. kepriye.
14. Sapa sing nangkup kewan – kewan kang dilindungi kanggo dijupuk asile apadene diingu kanggo koleksi?
Ukara ing dhuwur kalebu unsur pambangun informasi yaiku unsur....
- A. *What.*
 - B. *Who.*
 - C. *When.*
 - D. *Why.*
15. Wong kang penggawenane nyampekake pawarta diarani....
- A. Dalang.
 - B. Masinis.
 - C. Narasumber.
 - D. Reporter.

16. Gatekna ukara ing ngisor iki!
- (1) Kedadean kang diandharake awujud fakta kang asipat aktual.
 - (2) Ngandarake bagean – bagean kanthi rinci.
 - (3) Nggatekake unsur pambangun pawarta (unsur 5 W + 1 H).
 - (4) Gagasan pokok diandharake kanthi cara nggambarake objek.
 - (5) Alur dumadi kedadean diandharake kanthi urutan.
- Kang kalebu teknik nulis teks informasi, yaiku nomer....

- A. (1), (3), lan (5).
- B. (1), (2), lan (3).
- C. (1), (4), lan (5).
- D. (2), (3), lan (4)

17. Supaya ora punah lan anak putu kita mbesuke bisa maruhi maneka warna satwa kang kalebu langka.

Ukoro pitakon kang trep kanggo wangsulan ing dhuwur yaiku....

- A. Sapa sing seneng mburu satwa langka?
- B. Apa sing di buru para pemburu?
- C. Ing ngendi panggonane satwa langka?
- D. Geneya kita kudu bisa nglestarekake satwa kang kalebu langka?□

<i>Wulangan : 2</i>	<i>Kompetensi Dasar: 3.2</i>	<i>NILAI</i>
<i>Bhineka Tunggal Ika</i>	<i>Mengenal, memahami dan mengidentifikasi Teks tembang macapat sesuai dengan kaidah</i>	

Gatekna Tembang Macapat Ing Ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 18-20!

18.

Ayo pra mudha taruna
 Ngisi kamrdikan bela nagari
 Ngudi ilmu murih maju
 Tansah laku trapsila
 Reksanen budaya bangsa kanthi laku
 Mrih raharja nuswantara
 Gemah ripah loh jinawi

Sumber: Kumpulan Tembang Macapat
 dening: Asmara Kinendra, Widya Pustaka, 2015


Manut paugerane, tembang Macapat ing ndhuwur kalebu tembang

- A. Pocung
- B. Sinom
- C. Gambuh
- D. Pangkur


19. Tembang Macapat ing ndhuwur minangka pangajak tumrap
- Wong tuwa
 - Para mudha
 - Bocah cilik
 - Wong diwasa
20. Para mudha iku kudu bisa tumindak trapsila, tegese
- Mangerteni tata busana
 - Mangerteni tata aksara
 - Mangerteni tata krama
 - Mangerteni tata cara
21. Ing ngisor iki kalebu tuladhane tembang Macapat, kajaba
- Buta-Buta Galak
 - Dhandhanggula
 - Asmaradhana
 - Kinanthi
22. Gatekna paugeran ing ngisor iki!
- dumadi saka 6 gatra
 - duwe sasmita tembang mungkur, ungkur
 - guru wilangan lan guru lagune 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
 - watake sembrana parikena
- Saka pratelan ing ndhuwur sing kalebu paugerane tembang macapat Kinanthi, yaiku....
- 1 lan 2
 - 1 lan 3
 - 2 lan 3
 - 3 lan 4
23. Wacanen Tembang Macapat ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 23- 26
- Bapak Pucung, saben dina tansah bingung
 Badanira panjang
 Tutukira pan pesagi
 Saben dina Pocung nguntal buntutira

Batangane Tembang Macapat ing ndhuwur yaiku


A.



B.



C.



D.



24. Watak tembang Pucung ing ndhuwur yaiku
- sembrana, sakepenake
 - prihatin, nelangsa
 - melas, prihatin
 - asih, tresna
25. Guru wilangan lan guru lagu tembang macapat Pucung ing ndhuwur yaiku
- 8u, 8a, 8i, 8a
 - 7u, 10a, 8i, 8a
 - 12u, 6a, 8i, 12a
 - 12a, 7i, 6u, 7a
26. Saben dina pucung nguntal buntutira. Tembung *nguntal* tegese padha karo
- dolanan
 - ngombe
 - nguncalake
 - mangan
27. Gatekna pranyatan ing ngisor iki!
- anggone maca dibolan-baleni
 - negesi tembung-tembung angel
 - nglagakake tembang kanthi nyaring
 - nggancarake ukara tembang saben gatra
- Pranyatan ing ndhuwur sing mujudake cara nggancarake tembang macapat sing bener yaiku nomer ...
- 1,2 lan 3
 - 1,2 lan 4
 - 1,3 lan 4
 - 2,3 lan 4
28. Sakepenake lan kurang greget, lumrahe kanggo nggambarake geguyonan utawa bisa kanggo pitutur. Kalebu wewatakane tembang ...
- Kinanthi
 - Pangkur
 - Gambuh
 - Pucung
29. Puisi gagrag lawas kang dilagakake lan kaiket dening paugeran utawa kaidah tartamtu. diarani
- Tembang Macapat
 - Wangsalan
 - Paribasan
 - Guritan

30. Ing ngisor iki kalebu manfaate tembang Macapat, kajaba kanggo
- ngrenggangake paseduluran
 - pementasan tradisional
 - pengiring temu manten
 - pitutur kang luhur
31. “Nut jaman kepungkur tetep nyawiji”, ukara iki mujudake sasmitane tembang
- Sinom
 - Pucung
 - Gambuh
 - Pangkur
32. ꦗꦼꦩꦧꦠꦤ꧀ ꦥꦚꦏꦁ yen disalin aksara latin dadi
- jembatan panjang
 - mboten sanjang
 - badanira panjang
 - gedhang sajanjang
33. Gatekna pranyatan ing ngisor iki !
- ngrungokake tembang kanthi dibolan-baleni
 - nggoleki teges tembung kang angel
 - nggancarake tembang macapat saben gatra
 - nggatukake maknane saben gatra ing sawijining pada
- Pranyatan ing ndhuwur kalebu cara nemtokake ... ing tembang.
- Pesen moral
 - Guru wilangan
 - Guru lagu
 - Guru gatra
34. Para mudha kudu tumindak trapsila. Tembung **trapsila** yen ditulis aksara jawa
- ꦠꦫꦥꦱꦶꦭ
 - ꦠꦫꦥꦱꦶꦭ
 - ꦠꦫꦥꦱꦶꦭ
 - ꦠꦫꦥꦱꦶꦭ